Хабзэхъумэхэм мурад ящІащ а хъыджэбзыр кьагъэсэбэпу бзаджэнаджэхэр яубыдыну. Бзылъхугъэр «лэжьапІэ кьеЗыхтэм» я деж псалъэрн, яхуигъэващ и паспортыр кратащыну. Ветеранхэм я проспектым щызэхуэхьэсу зэраухыІащ.

- Шэч зыхуэтщІэжр пІащІэрт. Автомашинэм ирагъэтІысхэри, хъыджэбзыр Іуашыну хэтащ, - къыщыджаІащ полицэм, - арщхьэкІэ хунэсакъым: хабзэхъумэхэм яубыдащ, бзылъхугъэри хуит къащІыжащ.

Щыгъуазэ дызэрыхьэмкІэ, щІэпхъаджагъэр зи лъабжьэ хьэрычэтыщІ лэжьыгъэр зэтеэзыхуэар щыджан зэлІэзэфызт. Абыхэм Урысейм и гъунэгъу къэралхэм цІыхухэр къыщащэхурт е, Украинэм щыщ бзылъхугъэм къыщыщІам хуэдэу, ТэхущІагъэкІэ щащэрт.

Факъырэхэм я «общественнэ» зэдзыщІэ унэм хабзэхъумэхэм ныкъуэдыкъуи 6 къыщагъэтащ. Ахэр яхъумэрт щІалэ зыІэщІапІым. ПкІэунэм къыщалъэгъащ пхъэ пыхьахуэхэм хэль цІыкІу зыбуэрэщІ. Пэжщ, ар ящІащ гуфІыкІакъым хуит къэзыщІыжахэм: къеХъуэныт, и нэкІур и іэхэмкІэ Іуипірт. Мы зыманым а цІыхубзыр сымаджэщым щІэлъщ.

ЦИНКЛЕР Евгениэ.
«Российская газета»

● Псэ

Нэхъ хьэлэлхэр

США-м и президент Обамэ Барак езыри яхэтынущ къэрал Іуэхухэм ятекІуэдэ мыпхыр гъэзэжІныкъм теухуа программэр зыгъэзащІэхэм: абы бюджетым хилъхьэжынущ и мазэ улахуэм и проценти 5-р (доллар 1665-рэ мэхъу). Мыпхыр зэгъэзэхуэным теухуа Іуэхухэр США-м щрахьжьащ 2013 гъэм і 1-мэ: финанс инъэсэр мухыхукІэ хэщІхэм доллар мелард 85-рэ къыдагъэхуэн хуейщ. Езым и лэжьакІуэхэр игъуэсу а Іуэхухэм кьыхэгъуГъащ зыхъумэжкъынГъэмкІэ министр Хейгел Чак: абы итынущ и улахуэм щыщу махуэ 14-м хуэзэр (доллар 1075-рэ).

УНЭ ХУЖЬЫМ и тету щытахэм ящыщу нэхъ хьэлэл дыдэу зыкъэзэІэлъэгъуахэм хабжэ Гувер Гербертрэ Кеннеди Джонрэ - абыхэм, я щыкІэ щымыІуэ, я улахуэр псапащІэ Іуэхухэм трагъэкІуадэрт. Вашингтон Джорджи щІэхъуэпсащ пщІэнтэу щІыхубзм къулыкъу яхуищІну (арщхьэкІэ конгрессым идакъым доллар мин 25-рэ улахуэу хуамыгъэуву). Ятпэ итахэм ядоллей Обамэ 2009 гъэм къыщІэкІащ и Нобель саугъэтыр (доллар мелуан 1,4-рэ) къыщыхуагъэфащам, абы я псорн псапащІэ Іуэхухэм тригъэкІуэдащ, 2011 гъэм аргуэру долл

● Тхыдэ

Щымыіа насыпым и джэрпэджэж

Мазитікіэ фіэкіа дунейм темыта, Идар Темрыкьуэ ипхьу Гуащэнэрэ урыс пащтыхь Иван Еллі Іанэмрэ я кьуэ Василий кьщщалъхуа махуэр гъатхэпэм и 4-м хуоээ. И гъащіэ къэкіуэнумкіэ зэригъэубыдын хуея кьуэпсхэр тіасхьащэу кьыззэрыщіэкіам и дамыгъэ хьуащ узытепсэлъхьухьн хуэдиз ныбжь зимыіа сабийр.

Къудамэ дзыхьщіыгъуэджэ

ЦЫХУШХУЭХЭМ ущыцытепсэлъхьухьн зыгъэсыгъуэу щыіэр тіу мэхъу: абыхэм уадэплъеину, я Іэхъущіафэхэр уигу кьэбгъэкіыжурэ уи Хэку, уи жьлэ, уи лъэпкь я гъэуэгъуэм лъэужь узышцэ кьытебнэн гукъыдэжыр кьрибгъэщіэрэщіэжыну. Е, я щэр жьыкъэ Іуами, ахэр щапхъэ зытехьипхьэу щымытмэ, яхуэдэ узэрымыхьуным ухуущэкъуну. Яіэрей щхьэусыгъуэр кьапщтэмэ, зэман зыхалъхуам елытауэ, щыхухьэр нэхъ ягъэлъапіэ лыигъэмрэ кьарымрэ: хахуагъэр щыпхьаши щыщаби кьохьу. Бэыльхугъэм и лъапіэныгъэр езым и закъуэ ехьэлІауэ щыщытыр закъуэтІакъуэххэщ: ар е пхъуфщ, е щыпхъуфІщ, е щхьэгъэуСэфІщ, е анэфщ.

Темрыкьуэ ипхьу Гуащэнэ дыщытепсэлъхьухьКІэ, дыззэрыгушхуэ Іуэхугъуэрэ ІтІащІэщ: 1. «И щхьэ хунгьадэу, урыс пащтыхьым адыгэпхьу щхьэгъуэщ щищІакІэ, а зэманым Къэбэрдеймрэ Урысейм-рэ щхьэхуитыныгъэ и лъэныкъуэкІэ зэхуэдэу щытащІ. 2. «Иван Еллі Іанэр адыгэ малъхьэу зэрыщытам и фыгъэкІэ, ильэс 455-рэ хьуауэ лъэпкъышхуэрэ и Іэр «ди щхьэфэхэм щабэ кьохьуэкІ».

Дуэмэн Мурадин зы гушыІэ кІащ, КІуэкІуэ Валерэ ЧеухуауэІ. Ильэс 60 зыгъэльапІэ щыналъэ гуэрым ирагъэблэгъэ ди президентыр ягъэхъуэхъуэнути, бжьэ яту пластикэ стэкан кьыІэщІаръуват. Хьуэхъуэжи гушыІэкІи зыщІэ лЫщхьэм Іэщіэт стэканымрэ игъэхьэзыра псалъэ дахэхэрэр хуэзэуэмыгъэхьуу: «Уэ зи унагъуэрэ! Ильэс 60 хьуауэ зы кумбыгъэ тэмэм фхуэзмыуЫэпэщауэ ара?» - жиІэри хьуэхьуЛежьэкІэ кьыщІидзат, жи. А гушыІэр уигу кьеГъэкІыж ильэс 455-м щІигъуауэ макьамэ зэхуэмыдэжІэ кьидгъэжІ Иванрэ Мариерэ я пшыналъэр. Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым Толстой Алексей и «Орел и Орлицаръесэм къытращыкІа «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклыр щокІэжКІ. Къэрал Дуэмэн кьыззэрилъытэмкІэ, Сирием ис адыгэхэр УФ-м и цІыхуу кьэпльатэ хьунукьым, ахэр хэкум щикІа зэманым Къэбэрдейр Урысейм и Іыхьэу щытакьыми. УпщІэ кьоув: ильэс 455-р зи дамыгъэу дыззэлапІэ тхьэ щІэ кьудамэм тхьэмпэ гуэр пштыкъ кьэмэрэ пхъэщхьэмыщхьэ куэд щІауэ кьызыпшмыкІэж жьыгым псы щІэтКІэрэ? А бжьгъэшхуэм, ныгъэщІ мыхьуми, зы ильэсищэ кьыхьэхьжын хуэмейуэ пІэрэ?..

Къэбэрдейр XVI лІэщІыгъуэм

ТХЫДЭДЖХЭР зэакьылъагъуэкьым адыгэ льэпкъым и лъабжьэр зыгъэтІыльауэ ябж пщы Инал кьызидикІамкІэ. Нэгуэм Шорэ и хьыбархэм кьызэрыхэщымкІэ, ар Византием икІыж Мысырым итІысхьа, нужькІэ я щхьэр зэрахьэурэ Кърымым, итІанэ Кавказым, адыгэхэм я Іэгъуэблагъэм, кьэЗэпхъуэу кьахэшыпсыхьа Арап-хан и кьуэ Абдан-хьан и кьуэпсым щыщщ. Езыхъэм зыхужаІэжу зэрызэхахамкІэ, ахэр кьурейщ льэпкыщ, хьэрпхъэм я кьудамэ нэхъ кьабзэм кьахэкІащ. А еплъыкІэм утетмэ, абы щыпсэу адыгэхэм пщы зыхуащІащ».

Кьызбрун дек щаубла зауэ гуащІэм Идарым унафэр Іэщіпльхьэпащ:

Ди Кьызбруным льыпсае жагъуэжэр дауш!
Ди нарт шухэр Іумпіэкіэ кьызэрыщ.
Хьымыщкіэ Елджырыкьуэ лІыхьу,
Идарыр уи кьан сэхъуащ.

Идар дунейм тетыху, Идарейр адыгэщІэм я нэхъ лъэрызехьэу щытащ. КъыкІэлыкІуэ щІэлэ гуэрыр зэгуымыІуэжу, иджы Темрыкьуэ Іыхьэпщэ щыхьум, ар и адэ кьуэщ Джылахьэстэн деж Іэпхьэрыр, ар дунейм ехьажа нэужь, Тэрч щыналъэм и тепщэ хьуащ.

Зэманым зихьхъэжыху, зыІгІ кьытехьукІа бынхэрэ нэхъ зэпэжыжьэ мэхъу: Инал и щІэлІэр езыхэрэ зэрызэгурымыІуэм, ар кьэзыгъэсэбэпыну кьэхъуапсэ гъунэгъупщэрэ щымыІэуэльауэм: Хэбгъэзэхьмэ, зэманым зэригъэзэхуэжьр а тхыгъэхэращ, армыхьэмэ теплъэкІи, кьэлКІи, Іуэху зекьэкІэкІи гурымыхьу щыта пащтыхь зэлымым ехьэлІаХэрэкъым. Дауэ-тІэ Іуэхум зэрыбгъэдыхьэпхъэр? «Иван Еллі Іанэм дэ худи Іуэхуі Іакъым, ди пхъур пащтыхь гуащэу зэрыщытам деж Іуэхум щыщІедэ икІи щеуэ - аращ иджыри кьэс дызытета бгъэдыхьэкІэр. Ауэ «ди пхъум» теухуауи диІэ щІэныгъэр нэгъэсакъым, Налшык и курыкупсэм итІ, Шэрэ Іоныр травыдкІа и фэ-еплъым Гуащэнэ кьызэрымыгъэльапІэуэм хуэдэ дыдэу, мы унагъуэм теухуауэ кьеКІуэкІ хьыбархэр тхыдэ щыхьэт мыхьэу, Іуэху еплъыкІэ кьудейуэ кьонэ.

Зы унагъуэм зэдис цІыхухэм щатепсэлъыхьым деж, щхьэж кьызыфІигъэщІыр езым игъэунэхуа Іыхьлы зэдэпсэуэкІэ. Гроэнэмрэ Мариерэ я гугъу щытщІым дежи, кьызыфІэдгъэщІ хабзэр хабзэкІэ зэдэпсэу зы цІыхухьэрэ зы бзылъхугъэрэ: псэу гонэу ильэсий фІэкІа кьызэмыНэжьажи, Темрыкьуэ и пхъум и натІэ итыр и нэгуэр кьабзэу ирихьэкІащ. Дэ нэгъэсауэ дыщыгъэзэжьыкьым Марие зыхуэдэу щытам: политикэм кьыбгъэдэхьуей тхыдэр льэхьэнэщІэ кьэс езым и фейдэ зэрыхэльым хуэдэу кьегъэсэбэп. Ауэ упщІэ дзэуэвам жэуап гуэр хуэхьун хуэдэу, урыс тхыдэмрэ ди щІэныгъуэ ІэзэгуГъэр кьызэрагъэльапІэгъуэми деплІынщ.

Тхыдэжьымрэ тхыдэщІэмрэ

ГУАЩЭНЭ Гроэнэм щхьэгъусэ зэрыхуэхьуа щыкІэми абы и щхьэусыгъуэми мыхьэ-мыпІэу дытетхыхьащ. Ауэ, демократием и Іуэжьу, махуэ кьэс нэхъ нэхушхуэ зытридзэ тхыдэм и напэкІуэці бзыщІа-кьыщІэщыжакъэм зэгъэзэхуэжьын хуеЙ гуэрхэр зэрыщыІэмкІэ гурыщхуэ уагъэщ. УпщІэ псоми жэуап тхуемытми, абыхэм языхъэхэр умыгъэувыныщ нобэрей щІэныгъэми захуагъэмэ кьеззэгъыкъым.

Ягъ дыдэу урыс пащтыхьу теува Иван Еллі Іанэр узыдэпльеин хуэдэ цІыхуу зэрыщымытар упрыс тхыдэджхэми абзыщІыжьыркъым, нобэ шкІыхьм кІуэ еджакІуэхэми ящІэ. Пащтыхь щыхъукІэ, абы и зэманым кьэхъуа псори тхыльхэм зэгъэзэхуауэ ихуащ, зи чэзу унафэщІым и фейдэ зэрыхэльым хуэдэу, Хабгъэзэхьмэ, зэманым зэригъэзэхуэжькІэ а тхыгъэхэращ, армыхьэмэ теплъэкІи, кьэлКІи, Іуэху зекьэкІэкІи гурымыхьу щыта пащтыхь зэлымым ехьэлІаХэрэкъым. Дауэ-тІэ Іуэхум зэрыбгъэдыхьэпхъэр? «Иван Еллі Іанэм дэ худи Іуэхуі Іакъым, ди пхъур пащтыхь гуащэу зэрыщытам деж Іуэхум щыщІедэ икІи щеуэ» - аращ иджыри кьэс дызытета бгъэдыхьэкІэр. Ауэ «ди пхъум» теухуауи диІэ щІэныгъэр нэгъэсакъым, Налшык и курыкупсэм итІ, Шэрэ Іоныр травыдкІа и фэ-еплъым Гуащэнэ кьызэрымыгъэльапІэуэм хуэдэ дыдэу, мы унагъуэм теухуауэ кьеКІуэкІ хьыбархэр тхыдэ щыхьэт мыхьэу, Іуэху еплъыкІэ кьудейуэ кьонэ.

Зы унагъуэм зэдис цІыхухэм щатепсэлъыхьым деж, щхьэж кьызыфІигъэщІыр езым игъэунэхуа Іыхьлы зэдэпсэуэкІэ. Гроэнэмрэ Мариерэ я гугъу щытщІым дежи, кьызыфІэдгъэщІ хабзэр хабзэкІэ зэдэпсэу зы цІыхухьэрэ зы бзылъхугъэрэ: псэу гонэу ильэсий фІэкІа кьызэмыНэжьажи, Темрыкьуэ и пхъум и натІэ итыр и нэгуэр кьабзэу ирихьэкІащ. Дэ нэгъэсауэ дыщыгъэзэжьыкьым Марие зыхуэдэу щытам: политикэм кьыбгъэдэхьуей тхыдэр льэхьэнэщІэ кьэс езым и фейдэ зэрыхэльым хуэдэу кьегъэсэбэп. Ауэ упщІэ дзэуэвам жэуап гуэр хуэхьун хуэдэу, урыс тхыдэмрэ ди щІэныгъуэ ІэзэгуГъэр кьызэрагъэльапІэгъуэми деплІынщ.

Урыс щІэныгъэлІхэм Марие къаэзрыщыхьур

Карамзин Николай:

Иоанн и етІуанэ къэшэгъуэм, япрейм хуэдэу, Іэужь насыпыфІэ ІлакьымкІ. Марие дахагъэ къудейкІэ щхьэгъусэу ятхэзыхьуам, пащтыхьым игуми, пащтыхь гуащэм и цІэ кьипІуэжІэ пащтыхь нэмысыр зи нэгу кьыщІэмыхьэж цІыхубзм я дежи ар Анастасие и пІэ щиуэфакъым. Зыщіыхуахэм зэратхъжьмкІэ, мы адыгэ джьинзыпхъур цІыху Іэлт, псэкІэ гущІэгъунэшэт, Иоанн и хьэл мыхьэмыщІэхэр хуигъэдаах пэтми, и льагъуныгъэр хуэмыхьуэу, псынщІэу кьыІэщІэжьэгъуащ, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, пащтыхьым щІэщыгъуэм и Іэфыр зыхигъакІэт, укІыти хэльтэкъым. Марие хуэгугъыІуэу, Анастасие иджыри ильэсиблкІэ Афон кьульныфкъэм сэдэхъэ щыхуигуэщу щытащ.

Костомаров Николай: *Сигизмунд Август пащтыхьым льыхъу кьыщыхуэІуэм, Мэзкуу пащтыхьым и щхьэр течауэ «хьэуэ» жриІатэкьым, ауэ щхьэусыгъуэ гуэрхэр кьигупсысащ: Псков, Смоленск, Новгород, Ивангород щыщ Іыхьэхэр Урысейм щыщу кьратыпхъэр кьыльытащ. Гурыуэгъуэт абы зэпыщІэныгъэ мыхьэу, бингъэ кьыззэригъэушынур. Аратн, абы хуриКъун папщІэ, Іыхьэ пащтыхьэпхъуэ зыщигъэгъупщэрн, Иван 1561 гъэм щыщхьэІуэм и 21-м адыгэщІ Темрыкьуэ и пхъур, жор пщІэхалъхьа нэужь, чыристанныдэу Марие зыфІащыхьар, кьиІащ. Пащтыхь гуащэщІэм и дэлъху Михаил, щалэ Іэубыдыпінэшэ нэмысыншэр, пащтыхьым и ІутэфІэгъуэхэм яящы хьуащ.*

Мы нэчыхьэм Иванымрэ ИвІ кьеКІакъым, кьеКІынкІи Іэмал иІэтэкьым. Пащтыхь гуащэр щІыхуэхэм ягу кьыззэрихэжар щІыхуэбз бзаджэщу.

Владимир Куковенко: тхакІуэ-тхыдэжьк:

Адыгэжэр зауэлІ льэпкъыу щытами, иджыри зэрымыуфыда льэпкъ кьулейсыстэ я зэманым. Абыхэм ящыхэм я льэпкъэгъу нэхъ кьыззэрыгужІ дыдэм хуэдэу захуатэрт, зыщІэж унэкІи кьащхьэщыкІхэртэхьым. Тхьбзи, пщІэ гуэр зыкьэупщІыи щэнхабзэщхуэ ябэтэхьым. Мыльку бгъэдэлъыр кьапщтэмэ, Темрыкьуэ урысипщ нэхъ мыхьэнэншэм хуэдэт.

Ихьуреягькіэ бий льэрызехьэхэм дакьуэуэ - дагьыстанхэм, нэгъуейхэм, Къэжэрым, Куржым, Кърымым - адыгэхэм я гъащІэр тхьэмыщкІэ дыдэу ирахьэкІырт. Абыхэм Кърымым щыхуэрэ ахшІэ кьуэды ирагьн хуей гуэрт. Абыкіи замыгъэнщІу, кьрым тэтэрхэр щэх-щэхьыгъэ адыгэхэм кьебгъэрыкІуэрт. Ятьжі кьагьанэрт-кьым дагьыстэнхэми нэгъуейхэми. Езы адыгэхэр льэпкъэльапхъкІэ зэрэзэжьхэрт.

А псор кьапщтэмэ, пащтыхьым и щхьэгъусэ кьыхэхьыкІар кьехьулІауэ ятхужьиІэнэ-кьым. Политикэ и льэныкъуэкІэ мыр кьыззэкІэ кьэхъукьым жьыхуэдэм хуэдэт. ИтІанэ ар кьэхъуащ. Ауэ дауэ?

Девгъэплъыт нысащІэр кьэзэшыхэм? Урыс дэфтэрхэм кьыззэрагъэльагъэмкІэ, лІыкІуэхэм тыдэ Черкасский Михаилрэ тэтэр пащтыхьыкІуэ Бекбулатрэ яхэтщ. Черкасский Михаил Темрыкьуэ и кьуэ дыдэт, 1558 гъэм Мэзкуу и къэлэ-Іыристан хъун и пэкІэ, абы Салтанкъуэ и цІэу щытащ. Бекбулат Кьэзан пащтыхьыкьуэт, Темрыкьуэ ипхъу Алтыншаш и щхьэгъусэу Бекбулат и етІуанэ щхьэгъусэ Дюнчеманри Темрыкьуэ и Іыхьлы Гъунэгъуэхэм яящы адыгэ пащащэт. Арашн, нысашэр зэблагъэхэр зэкІэльыкІуэ хуэдэу кьызэрыгъэуІуэ хьуат. Мураду яІэри зы закьуэт - езыхэм пащтыхь сэрейм щаІэ кьэрур щагъэбыдэну. Мы хьыбар кІэщІэмкІи уопльагъу мусльымэн льэпкъхэм я Іыхьлы зэпыщІэныгъэр зэрыбыдэр. Тэтэрхэм, зэгъуеЙхэм, адыгэхэм ящкэр зы унагъэшхуэу зэрыльыгът, хуэзёгъэфащэ зэрыльхъунмкІи, ахэр зэгурыІуэри, Иван Еллі Іанэм езыхэм зыхуейр кьрагъэшащэ аращ. Гуащэнэ пащтыхь гуащэ зэрыльхъу, Пащтыхьым и хьуреягьр зэрыщыту муслЫмэн защІэ хьури, Романовхэ ирагъэкІуэтэкІыи щІадзащ. Абдежьм щыщІедэ кьуэкІыпІэ-кавказ лІакъэхэм я тепщэныгъэм.

ТХЫДЭМ щыцІэрыІуэщ Грозный Иван емыззэгъу кьэралым икІауэ щыта Курбский Андрей кьыхунтхауэ щытахэр. Курбскэм пащтыхьыр игъэкъуаншэрт и щыкьухэр тепщэ зэрищІамкІэ. А гукьеуэр кьыхуэ урыс пІэлъэпсэгуэрыжьхэм языхъэхэм: «Пащтыхьым ди Мэзкуу кьыщІмышІэу, хамэ щыпІэ нысащІэ кьреш».

ГъэщІэгъэнэщ дуней псом зи тхыдэ романхэмкІэ щыІэрыІуэ, ар адэжь «черкесогайхэм» - адыгэ чыристанхэм - кьаухэкІа франджы тхакІуэ Труайе Анри «Иван Грозный» тхылъым щыжиІэри.

Труайе Анри:

ХьэгъуэлІыгъуэр 1561 гъэм щыщхьэІуэм и 21-м екІуэжІащ. Махуипп1 и пэкІэ Иван нльэс щэщІрэ зырэ ирикъуат. Пащтыхьыр хьэгъуэлІыгъуэм кьыкІэльыкІуэ махуэм хущІегъуэжащ ищІам: щІэныгъэм хуэхейуэ, лей мыгъэгъуэу, Іэлу щыт джьинзыпхъуэм и хэкур зышигъэгъупщэфыртэжьым, и кьуэкІыпІэ гъэсэныгъэр сэбэп хьуртэкьым ар пащтыхьым и бынхэм анэ яхуэхъунымкІэ.

Мальхъэм и шыфэлІыфэр

ДИ НОБЭМ кьыззэрысамкІэ, Иван Еллі Іанэм гулъсэм и хабзэкІэ щхьэгъусэщ ІлащІ, хабзэм кьемызэгъыу иджыри плІы. Абыхэм ящыщ и анжалІэ дунейм ехьажауэ я ябжьр пащтыхьым нэхърэ ильэсищІэ нэхъыбзэрэ псэуа ебланэ щхьэгъусэращ. Щыкьум нэхърэ нэхъыфІу щауэр зыльльагъупхьэ урыс тхыдэджхэм жаІэр зэхуэпхъэсыжьыну уящыхуежьэкІэ, нэрыльагъу мэхъу езыхэр щыпсэуа лъхъэхэм ельытауэ, абыхэм пащтыхьым кьыщІхьэпащхьэм нэхърэ ильэсищІэ нэхъыбзэрэ псэуа ебланэ щхьэгъусэращ. Щыкьум нэхърэ нэхъыфІу щауэр зыльльагъупхьэ урыс тхыдэджхэм жаІэр зэхуэпхъэсыжьыну уящыхуежьэкІэ, нэрыльагъу мэхъу езыхэр щыпсэуа лъхъэхэм ельытауэ, абыхэм пащтыхьым кьыщІхьэпащхьэм нэхърэ «щагъуэтэкъым». УрищІэжьгъэсэнэр насыпу кьэпІыльтэн дэнэ кьэна, Гуащэнэ Тхьэм и нэфІыр кьыщыхуауэ яжьпІэ хуэнунщ, абы ильэсий фІэкІа дэмыпсэуэу дунейм ехьажауэ зыльльагъупхьэ. ІеиньхьэкІыщхуэ зыхэмыльльыж иджырей тхыдэ епльыкІэкІэ, Иван Еллі Іанэм и дамыгъэхэм я щыпсэуа ильэсищ Іэ дэпсэуэр. Ар цІыхуб щабэу щытауэ кьаІуэтэж. Ар щхьэгъусэ ящыщ, абы и щхьэгъусэ ящыщ, ар и ныбжьыр ильэсищ Іэ дэпсэуэр

● Абы дегъэпIейтей

Зым и гуауэ зыхэзымыщIэм лъэпкъ бампIи фIэIуэхукъым

Мы псалъэхэм девгъэгупсыси, Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъуэу нобэ гулъытэ хуэныкъуэхэм зэрытлъэкIкIэ дадэвгъэIэпыкъу!

Зэман гуэр и пэкIэ ди газетым тедзауэу щытат Сирие Хъэрэм Республикэм кьыкIыжа Налшык санаторэхэм, унэ щхьэхуэхэм, КъБКъУ-м и общежитхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я унэцIэхэр. Быдэу ди фIэщ хъурт я унэкъуэщ, я благъэ кьагъуэтыжьыну, ядэIэпыкъуну жэрдэм зышыпнуэр зэрымымащIэнур. Дызэригугъам хуэдэуи кьыщIащ: абы лъандэрэ щIыхь куэд къэнсэлъащ, я лъэпкъэгъуэхэм я хэщIапIэхэр зрагъащIэурэ гуапэу ядэIэпыкъуащ. Абыхэм ящыщщ Хьэпэхэ, КIуащхэ, Къущхьэхэ, Емуэхэ, нэгъуэщIхэри.

МЫ IУЭХУМ епIлыкIэ зэхуэмыдэхэр хуаIэщ ди щIыхуэм. Ялынныкъуэхэм жаIэ: «Сирием щкIуэкI зауэ мафIэм кьыхэкIыфаци, Тхъэм шыкур хурыращ, щыщIэныгъэхэри ирыращэч». НэгъуэщIхэми яхуэзфIокI шэм хуэдэу гуп техуэ псалъэ жаIэ гуэхэр кьэкIуэжахэм зэхращэхьи.

«Лъэпкъым и напэр зы Iым трехьиф,икIи кьеIэтыф», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Гуауэ куэд зи нэгу щIэкIауэ адэжь хэкум кьэзыгъэзэжахэм я дежкIэ гуэхущI ищIи кьемызэгъущ абыхэм я жагъуэ пщIыну.

Хэхэс гъащIэр зи щхьэкIи зыгъэунэхуа балькьэрхэм псэкIэ зыхащIэ ди лъэпкъэгъуэхэм кьатепсыха гуауэр, абыхэм ящыщ куэд адыгэхэм ящIыгъуу щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ кьэзыгъэзэжахэм. «ДжайльыкъыгъэсхуIэ уиэм щIэхэсэм сом мини 100-кIэ яхуэупса балькьэр цIыхубзхэм (ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм я цIэ-унэцIэхэр кьытхуэщIакьым) фIыщIэ ин яхуэфащущ.

ХьэщIэр нэщхьеиф, бысымым я ягъэщ, - жаIэ. Ди лъэпкъэныкъэхэр хьащIэу гупльытэ мыхъунуми, гурыIуэгъэщ ахэр гупльытэ зэрыхуэныкъуэр, я пIахэм я гур щагъэтIыпльу лъэ быдзкIэ увын папщIэ.

Удыхьэу Адыгэ Пашыкъ кьызэрыкIуэжра иIъэсым нэсащ. А зэманым кьрнубыдзэу абы псэупIэ зыбжанэ зэблихъуащ, нобэ кьаIэм дзэ зыгъэпсэхупIэ унэхэм ящыхэзым и унагъэр щопсэу. И кьаэ нэхьыжьыр Адыгеей кьэрал университетым и студентщ, нэхъыщIэр школакIуэщ, и щхьэгъусэр лэжьыгъэ Iэнатlэ зэрыпэщIувэрэ тхьэмахутIым щIигъуаэу аращ. Я Iуэху зытетымкIэ сыщIеупщIым, Адыгэ и гур нэхъыбэу зыгъэпIейтеIуэм я гугъу кьыслухуищIащ:

- Сэ ухуакIуэ Iэщ Iагъэ сиЭщ: и лъабжьэм щыщIэдзауэ унашъхэр теслъхьэжу унэсхуэхэунущ. Уэздыгъэри щIызошэф. Лъэныгъэ зэм соГуэт, щызимыIэр нэхъыбэщ. Налшык сабийхэм папщIэ щыIэ стадионым иджыблагъэ сыщылэжьат. Ди гъуэсу кьэкIуэжа студент щIалэхэм ахъщэ тIэкIу кьаIэзгъэхьыныщ, ныкъыри здэзгъэзэпIэныкъуурэ, сыкъыщзрагъэгуна сом мин 30-м щыщу 18-р абыхэм ясташ, кьэнжа мин 12-р кьызамыту сыкьыщIуагъэжькащ, Абы и ужькIэ Кэнжа ящыщ адыгэ уэрыгъэ гуэрым плиткэ яхуислъхьат. Иджы щыIэ щхьэхуэм елытатуэ нэхъ пуду дыюэгурыуат, аущ эздухьлIа сом 500-м и пIэкIэ метр зэбгъэзэнатlэм хуэзэу сом 350-рэщ кьызатар.

Дызыщыпсэу санаторэм мазэкIэ дагъащхэри, щагъэтыжат. Абы лъандэрэ дэ допщэфIэж. Хьэкъущыкъу къэтщэхуахэр пщэфIапIэм кьыщIэдэкIри, узбекхэм зы гуахьуи кьамыгъанэу щIадыгъукIащ. ЩIэрыщIэу зэдгъэпэщыжьын хуей хъуащ. Гупльитэ кьытхуэзэщIэр мащIэкъым. Зэи тщыгъупщэнкъым ди шыпхъухэм, ди кьэущхэм ди гур фIы кьызэрытхуащIы? Ауэ дэ игъащIэкIэ зыгуэрхэм дащыгугъыу дыпсэуфынукъым, дылажьэрэ ди щхьэр тпIыжу дыпсэуну дыхуейт. Iэнатlэ хэпльыхь тщIыркъым: щIым дытелэжьыхьыфынут, Iащ, джадкьаз зетхуэфынут, кьэкIыгъэ дгъэкIыфынут.

ДИ ЛЪЭПКЪЫР зэрыгушхуэн блэкIаIэр тхыдэрэ иIэщ. АбыкIэ дэ зыми дехьуэпсэнукъым. Апхуэдэ дыдэу тхыдэм кьыхэзгъэнуэ кьыгъэIэтыкIуэну щIэблэр щапIыкIынущ нобэрей ди Iуэхущафэхэм, ди зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэхэм. «Зым и гуауэ зыхьхэзымыщIэм лъэпкъ бампIи фIэIуэхукъым», - жаIэ. Мы псалъэхэм девгъэгупсыси, нобэ гулъытэ хуэныкъуэ ди лъэпкъэгъуэхэм зэрытлъэкIкIэ дадэвгъэIэпыкъу!

ЩОДЖЭН Iэминат,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэдзыкIакIуэхэм я лъэIукIэ иджыри зэ тыдодзэ Сирие Хъэрэм Республикэм кьыкIыжауэ Налшык санаторэхэм, унэ щхьэхуэхэм, КъБКъУ-м и общежитхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я унэцIэхэр:

1. Абазэ
2. Абыдж
3. Акьой
4. Анчокъу
5. Арэ
6. Апыщ
7. Аулъэ
8. Абей
9. Ацумушъ
10. Бэлагъы
11. Бахъуэ
12. Багъ
13. Бекьщокъуэ
14. Батырдзыгу
15. Бекъул
16. Бэджмыкъуэ
17. Бэчыкъуэ
18. Быж
19. БэшкIур
20. Бидзнокъуэ
21. Вындыжь
22. Вэрокъуэ
23. Гемуев (и анэр КIэрэфц)
24. Гъыш
25. ГъукIэлI
26. Дыгъужь
27. Дэпчэн
28. Джырандокъуэ
29. ДышэкI
30. Джхэу
31. Дэдэхъу
32. Джэтауэ
33. Джэрыкъу
34. Джэмокъуэ
35. Дзыбэ
36. Едыжж
37. Емуэ
38. Езэдэ
39. Едджэрокъуэ
40. Емызэкъуэ
41. Жыхъэжэ
42. Кьабло
43. Кьардэн
44. Кьамбий
45. Кьашащуэ
46. Кьат
47. Кьуэщ
48. Кьарэ
49. КIэрэф
50. Кхъуэныхь
51. КIэдыкIуэй
52. Кьаздзхъу
53. Кьумыжьуэ
54. Къэбардэ
55. Къущхьэ
56. КIэрмыт
57. КIуащ
58. Лбуэ
59. Лымахуэ
60. Лыпугащэ
61. Лъапсэкьуэ
62. Лыбзу
63. Лыпэщын
64. Лыпэщ
65. ЛыщIэ
66. ЛъэнкIэпIашэ
67. МахуэлI
68. Мэхъуэщ
69. Молей
70. Мэпокьуэ
71. Мэщфыжь
72. Мэт
73. Нэхей
74. Нэпсыгъуэ
75. ПапщIэ
76. Понэж
77. Санэ
78. Сапсын
79. Сабанокъуэ
80. Сихъу
81. Сосмакъ
82. СтIащ
83. Сыжажэ
84. Сысэ
85. Тазит
86. Тау
87. Таучыжь
88. Тэгъулан
89. ТекIуий
90. Теубзж
91. Томыкъу
92. Толбий
93. Тыкъуэ
94. Тыхъужь
95. Тхъэкъуахъуэ
96. ТIам
97. Уэтей
98. Уджыхъу
99. Учадж
100. Хъэпащ
101. Хьэмжу
102. Хьэжнэгъуей
103. Хьэджьбенкъуэ
104. Хутэ
105. Хьэткъуэ
106. Хьэгъудокъуэ
107. Хьэсанэ
108. Хьан
109. Хъуадэ
110. Хъыжьрокъуэ
111. Хъэлауэ
112. Хьэпэ
113. Хьут
114. ХьутIэжь
115. Цей
116. Чым
117. Шэрджэс
118. Щхьэлахъуэ
119. Щауэ
120. Щауэжь
121. Шагудж
122. Щоджэн

Фи унэкъуэщхэм, Сирием кьыкIыжа ди лъэпкъэгъуэхэм сэбэн фахуэхъуну фыхуеймэ, мыпхуэдэ телефонхэмкIэ фыпсалъэ: 42-58-34 (Дунейпсо Адыгэ Хасэ); 47-22-65; 8928 6934817 (Къэбэрдей Адыгэ Хасэ).

● Футбол

Гъуэщокъуэ Арсен (N29) топ дигъэкIащ.

Хьэрхуэрэгъуэхэр йокIуэтэкI

«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Волгарь» (Астрахань) - 3:1 (0:0). Налшык, «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 9-м. ЦIыху 1500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Левников, Кудрявцев, Абусуев (псори Санкт-Петербург щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Засеев, Джудович, Тимошин, Багаев, Сирадзе (Гъуэщокъуэ, 59), Зинович (Коронов, 35), Кондеделов, Гуа Карлос (Чеботару, 77), Аверьянов, Медведев (Бола, 90).

«Волгарь»: Намашкэ, Жиров, Васиев, Локтионов, Эйков, Терехов (Романенкэ, 57), Мэшыкьуэ (Чочиев, 72), Гриднев, Антипенкэ (Алхазов, 62), Лукьяновс, Дегтярев (Сафронов, 85).

Топхэр дагъэкIащ: Гъуэщокъуэм, 69 (1:0). Медведевым, 73 (2:0). Лукьяновс, 81 (2:1). Аверьяновым, 87 (3:1).

Дагъуэ хуащIащ Антипенкэ, Засеевым, Концеделовым, Лукьяновс.

УРЫСEЙ Федерацэм футболымкIэ и я1пэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ ебланэ джэгугъуэм «Спартак-Налшыкыр» утыку кьыщихьар адрей командхэм я зэпыщIэр ящыкIэ бжьгъэхэр:

Урысей Федерацэм футболымкIэ и я1пэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Урал»**	**26**	**17**	**7**	**2**	**56-16**	**58**
2.	**«Томь»**	**25**	**16**	**5**	**4**	**48-30**	**53**
3.	**«Спартак-Налшык»**	**25**	**12**	**6**	**7**	**24-22**	**42**
4.	«СКА-Энергия»	25	11	9	5	27-21	42
5.	«Нефтехимик»	26	11	6	9	35-31	39
6.	«Балтика»	25	11	6	8	28-26	39
7.	«Сибирь»	25	10	7	8	30-30	37
8.	«Ротор»	25	10	6	9	22-18	36
9.	«Уфа»	25	9	8	8	25-27	35
10.	«Енисей»	26	7	10	9	23-24	31
11.	«Петротрест»	26	9	3	14	26-36	30
12.	«Шинник»	26	6	9	11	24-32	27
13.	«Металлург-Кузбасс»	26	7	5	14	15-29	26
14.	«Салют»	25	6	7	12	18-25	25
15.	«Торпедо»	24	4	11	9	24-32	23
16.	**«Химки»**	**25**	**5**	**7**	**13**	**18-29**	**22**
17.	**«Волгарь»**	**25**	**3**	**10**	**12**	**16-31**	**19**

Кьардэн Мухьэмэд Хьэсанэ и къуэр

Дунейм екIжащ журналист щIэныIуэ, жылагъуэ Iуэхуэхьэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу ильэси 10-м щIигъуэкIэ щыта Кьардэн Мухьэмэд Хьэсанэ и къуэр.

Мухьэмэд Хьэбэз районым хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм 1935 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м кьыщалъхуащ. Зауэм, зауэ иэужь ильэс гугъуэхэм зи сабинигъэри щIалэгъуэри хиубыдаэм ящыщщ Мухьэмэд. Арами, щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэм емыджэу зыкьигъэнакьым. Кьуажэ курыт еджапIэ нэужьым абы диплом плъыжькIэ кьиухащ Черкесск дэт педучилищэр. АдэкIэ Кьардэнрэ щIэтIысхьэ Пятигорск дэт къэрал пединститутым. ИужькIэ кьуажэ школым кьегъэзэжри, сабийхэм урысыбзэмрэ литературэмрэ ярегъэдж.

Хэльэт зиIэ щIалэ гумызагъэр Хьэбэз районым и комсомол конференцым и делегату хах. Мухьэмэд абы пэмыплъагъэхэу, делегатхэм Iэ хуаIэтри, райкомым и секретару хах. Куэд мыщIэу партым и обкомым идеологиемкIэ и инструктор Iэнатlэр кьыхуагъэфащэ.

А къуалыкъум щыпкъэу ильэситхуитI зэрыта нэужь, Мухьэмэд обкомым и я1пэ секретарым зыхуигъэзащI КПССС-м и ЦК-м и партеджапIэ нэхьыщхьэу Москва дэтым ягъэкIуэну. ИкIи и лъэIур кьыхуащIри, и щIэныгъэм абы щыкIагъэхуауэ щыта Кьардэным. Ар кьуажа нэужь Iуэхущапlэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIу лэжьащ, дзыхь кьыхуащIа Iэнатlэр зэрырагъэжьэкIуэным, щIыхьэм я губгъэн кьызэрымыхьыным яужь ит эпныту.

АдыгэбзэкIэ кьыдэкI «Ленин нур» республикэ газетым и редактор нэхьыщхьэу, республикэ телевиденэм и унафэщIу, КъШР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэу щыткIэрэ, лъэпкъ журналистикэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Кьардэн Мухьэмэд. Абы и тхыгъэ купщIафIэ куэд республикэ, куей газетхэм, «Журналист» журналым кьытрадзащ.

Мухьэмэд щыщIыхуэ щытахэм арыгуэ кьаущIи Iащагъэм хуэIэижь, щIыхум щIэ хуэщIыныр зи хьэл нэхьыщхьэ адыгэлI щыпкъэу.

Кьардэн Мухьэмэд и лэжьыгъэфIыр гульытэншэхуакьым. Абы кьыхуагъэфащащ дамыгъэ лъапIэхэр, абыхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ кьрата Зэныбжьэгъугъэм и Орденыр.

Кьардэн Мухьэмэд и лэжьыгъэфIыр гульытэншэхуакьым. Абы кьыхуагъэфащащ дамыгъэ лъапIэхэр, абыхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ кьрата Зэныбжьэгъугъэм и Орденыр.

Кьардэн Мухьэмэд и лэжьыгъэфIыр гульытэншэхуакьым. Абы кьыхуагъэфащащ дамыгъэ лъапIэхэр, абыхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ кьрата Зэныбжьэгъугъэм и Орденыр.

Кьардэн Мухьэмэд и лэжьыгъэфIыр гульытэншэхуакьым. Абы кьыхуагъэфащащ дамыгъэ лъапIэхэр, абыхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ кьрата Зэныбжьэгъугъэм и Орденыр.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ» газетхэм я лэжьыкIуэхэр, Шэрджэс Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

ЗэIущIэ нэужьым

ГАЗЗАЕВ Юрий, *«Волгарь»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

«Спартак-Налшыкыр» гуп зэкъуэтщ



- Джэгум и я1пэ Iыхьэм арэзы сыкьыщIащ. ФIыуэ зытхъымэжащ, Iэмал щыдIэмэи дебгъэрыкIуащ. Ди гъуэм топ кьыдагъэкIыну налшыкдэсхэм зы Iэмали еттакъым, уебгъэмэ я1пэ дищыфIыну щытащ. ЕтIуанэ Iыхьэм детпысэхащ икIи псынщIэу топ кьызэрытхудагъэкIамрэ абы и ужькIэ кIэщIу етIуанэри кьызэрыкIэльыкIуамрэ ди лъэр щIигъэхуащ.

«Спартак-Налшыкыр» гуп зэкъуэтщ икIи премьер-лигэм зэрыхэтам ипсыхащ. Арац ар иджыри зэрафащэу пашэхэм щIахэтыр.

Фи лъахэгъу Мэшыкъуэ Асльэн хьарэныгъэ джэгуащ. Нобэрей зэIущIэм и футболист нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ ар кьызолъытэ.

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Къалэн пыухыкIахэр догъэзащIэ



- ЗэIущIэр щIагъуэу щIэддзакьым. ИбгъуэхэмкIи икуми ебгъэрыкIуэныгъэ щыIакьым. ЕтIуанэ Iыхьэм едгъэкIуэжа зэхъэжьыкIыгъэм текIуэныгъэр къытхуэхьащ. Джэгум хьарэныгу занщIэу хэзэгъащ Гъуэщокъуэ Арсен, ар игъэльэщащ Коронов Игорь.

ТекIуэныгъэм хуабжьу дыщогуфIыкI. Джэгур хьэпащ, ар губгъуэм и щытыкIэм нэхъ гугъуэ ищIащ. «Волгарь»-р щыдгъэкIуэтеижьну хущIокъу, дэри кьалэн пыухыкIахэр догъэзащIэ.

ХьЭТАУ Исльам.

Зэ1ущIэ щхьэпэ

● Аруан щынатlэ

Аруан щынатlэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмкl щыIэ къудамэм экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ныбжьыщIэхэр щыхьумэным теуха дерсхэр щIэх-щIэхьыгъэ дрегъэкIуэнкI.

АПХУЭДЭ зэIущIэ Нарткьалэ дэт кьэзэ №2-м щыIэзэхтащ. Хабзэхъуэм Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм кьащIынэмыщIауэ, абы хэтащ щынатlэм и ранг-Iнжамкъ и дзэпкъыжьэу Жылаес Iэдэмрэ район администрацэм балигъ мыхъуахэм ядэIэжьынмкIэ и къудамэм и унафэщI Бищlо Александрэ. Мыбыхэм еджакIуэхэм драгъэкIуэкIащ динныр тегъэщIапIэ зыщI щIэпхъаджащIэхэм уаэзэрыпэщIэтыну щыкIым теуха псалъэмакъ щхьэпэхэр. Цыхубэр нобэ зытегущыIэныкъо мы Iуэхуэр и щапхъэ нэрыльтагъуэхэм и гугъу ящIащ. Апхуэдэу адэ-анэхэр зыкьыгураджащ я бынхэр дин хуэIуэхущIэм хэзыгъэгъуэзэр хэтми псом япэу зрагъащIэну.

МыбжьыщIэхэм зэхэщIыкIыгъуэу гурагъэIуащ нобэрей щIалэгъуэхэм ящыщ куэд щIопсыджащIэ гупхэм хэпщIа щIэхъу щIэхъуагъуэхэмрэ щIыхьэм абыхэм кьыхуахь насыпыншагъэр зыхуэдэнырэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаес Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щиридий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, НэщIэныджэ Замирэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Аликъ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIапIэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкl - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмоэмкIэ - 42-22-88; екъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; гъэзэжакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэу тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущхьэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехъэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щынагъуэ Iанпlэм №H1-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактор Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ, *Компьютеркъэ газетым и тепIэр ящIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бищу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазырыр.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэ сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.121 ● Заказ №920

● Узыншагъэ

ХьэтIохъущыкъуей хадэм я гукъыдэжьр къыщаIэт

ЩIэДДЖЫЖь зарядкэм щыхуи 100-м щIигъу кьрихьэлIащ. Абыхэм ящыкIащ къэзыжьыхьыну ХьэтIохьущыкъуей хадэм ихьаэхэр. Тренер, Урысей Федерацэм и щIалэгъуэгъэ Олимп команд къэзыхэкам хэт, бжьы дзыныкмкIэ спортым и мастер Артамонов Артур и нэIэм щIэту, акцэм кьрихьэлIаxэм узынщагъэмкIэ сэбэп упражненэхэр ящIащ икIи гукъыдэжьрэ зрехьэкIуэрэ ягъуэтащ. Зарядкэ нэужьым абы хэтахэр кьызэрэгъэщащкIуэхэм я саугъэтхэм щIэбгъащ. НыбжьыщIыщым МР 3-плеерхэр яритащ «Урысей зэкъуэтым и щIэблэ» зэгухьэныгъэм и республикэ кьудамэм и унафэщI Нээрэн Бесльэн.

«Мы зэхьэхьэр теухуащ щIалэгъуэлэгъэ гъащIэ узынщэм хуэунэтIыным, апхуэдэ нэгуэгъэгужь, зыгъэпсэхугъуэ Iуэхум нэхъри жьыдэжру кьыхэшэныж», - кьыхахъэщащ пщэдджыжь зарядкэм и кьыгъэгъэпщащIуэхэм. ИпэжьыпIэкIэ нэгуэныжьу, гукъыдэжьыр кьызэщIигъэрыгуэу зэрекIуэжкIам кьыдэжьуэри, кърихьэлIаxэр нэхъ гьунэгъу, нэхъ зэхуэгуапэ зэхуищIащ а зэхьэхьэм.

Зэрыжьалащи, кьызэрэгъэщIуэхэм я мурадщ щIалэгъуалэм узынщагъэм и лъапIагъыр зыхрагъэщIэным, физическэ щIихабзэмэрэ спортымрэ гупхэм хурагъэщIыным, гъащIэ узынщэм кьыхуеджэным нэхьри зрагъэубгъну. Абыхэм кьызэрыхагъэщамкIэ, ХьэтIохьущыкъуей хадэм апхуэдэ пщэдджыжь Iуэхугъуэхэр зэрыщIэкIыну. Ар узынщагъэр гъэбыдэныжьмкIи сэбэп хьунущ, кьекIуалIэхэм я гукъыдэжьри кьэзыйэтынщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.